

OU ANVI PASE FÈT FENDANE YO AVÈK...



COVID-19?

COVID-19 ka fè w malad pandan jiska de semèn avèk malgòj, tous, lafyèv, epi fatig. Li ka abouti nan pwoblèm sante grav, sitou pou granmoun ki pi aje epi moun ki gen sèten pwoblèm medikal.

Pa rate okazyon moman espesyal yo avèk moun pwòch ou yo. Fè fanmi w vaksinen kont COVID-19!

Kikote m ka pran vaksen an?



Ou ka pran vaksen COVID-19 mizajou w nan kabinè doktè w, nan yon famasi, nan yon sant sante kalifye onivo federal (FQHC), oswa nan yon sant sante vil la.

ESKANE KÒD QR SA A POU W JWENN YON DÒZ TOUPRE W!



Kimoun ki ka pran vaksen an ?

Tout moun ki gen laj 6 mwa oswa plis ka pran vaksen kont COVID-19 la! Sèten moun gen plis risk pou yo trape maladi COVID-19 grav epi yo ankouraje yo espesyalman pou yo vaksinen, sa gen ladan:

- Granmoun laj plis pase 65 lane
- Moun ki gen sèten pwoblèm medikal tankou dyabèt, obezite, COPD, maladi kè, ak maladi ren

Poukisa mwen ta dwe pran yon vaksen kont COVID-19 ?

Gen anpil rezon pou w pran yon vaksen kont COVID-19 :

- Redui risk pou maladi grav oswa risk pou entène lopital
- Li san danje epi li efikas
- Evite oumenm ak fanmi w rate lekòl ak travay

Kikote mwen ka aprann plis ?



Eskane kòd QR sa a oswa vizite
cdc.gov/covid-19 pou w aprann
plis sou COVID-19.



Department of
Public Health

CITY OF PHILADELPHIA

11-2023